

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Basa Sunda kaasup salasihiji basa daérah anu mibanda ajén-ajén sosial nu hadé. Ieu hal saluyu jeung nu diébréhkeun ku Kulsum (2020) yén basa Sunda miboga ragam basa nu ngandung aturan-aturan dumasar kana norma kamasarakatan Sunda. Ieu norma kamasarakatan téh patalina jeung silihormat ogé silihajénan dina hirup kumbuh sapopoé.

Suhérman (2012) nétélakeun yén masarakat Sunda sok ngagunakeun norma-norma katut ajén-ajén sosial jeung budaya Sunda dina kahirupan sanajan karuhunna lain urang Sunda. Éta ajén-ajén sosial téh salah sahijina bisa katitén tina basa nu digunakeun. Ku kituna, basa Sunda bisa jadi ciri yén masarakat panyaturna mibanda étika nu hadé ka sasama, tinangtu saupama ngalarapkeun ajén-ajén basana.

Dina basa Sunda aya nu disebut tatakrama basa nu medar ngeunaan adat kasopanan dina makéna basa. Basa nu digunakeun pikeun nyarita ka kolot teu sarua jeung basa nu digunakeun pikeun nyarita ka babaturan. Kitu deui antara nyarita ka nu pangkatna leuwih luhur bakal béda basana jeung nyarita ka nu pangkatna leuwih handap.

Kalungguhan tatakrama basa Sunda di luhur téh geus meunang nyaluyukeun jeung kaayaan masarakat kiwari, teu kawas mimiti munculna. Baheula mah tatakrama basa Sunda téh némbongkeun pisan ayana bébédaan darajat sosial antara golongan ménak (bangsawan) jeung golongan somahan (cacah) (Faturrohman, 2016).

Anapon dina mangsa kiwari, jalma nu kudu meunang panghormat dumasar kana tingkatan tatakrama basa téh henteu saukur nu pangkatna leuwih luhur, tapi nu umurna saluhureun sarta jalma nu can wawuh ogé. Sakumaha nu ditétélakeun ku Yudibrata (dina Sudaryat, 2015) yén ragam basa nu digunakeun dina tatakrama basa Sunda téh leuwih jembar deui, nyaéta patali jeung kakawasaan (*power*), kalungguhan (*status sosial*), jeung kaakraban (*solidarity*).

Samsuri (dina Rosidi, 2010) nétélakeun yén kalungguhan basa dina kabudayaan téh penting pisan sabab basa mangrupa wahana kabudayaan. Kitu deui tatakrama basa Sunda minangka salasihiji ajén budaya téh kacida pentingna pikeun dilarapkeun ku sakabéh panyaturna, kaasup barudak sakola di Jawa Barat. Hiji jalma nu ngagunakeun tatakrama basa Sunda saluyu jeung pungsina bisa disebut manéhna mampu ngalarapkeun ajén-ajén kasopanan dina basa Sunda. Jadi, écés pisan yén tatakrama basa téh minangka ciri komunikasi nu sopan pikeun silihormat jeung silihajénan dina hirup kumbuh masarakat Sunda sapopoéna.

Pentingna tatakrama basa Sunda ogé disawang tina ayana ajén-ajén nu ngarojong pikeun nguatan karakter bangsa. Ajén-ajén karakter bangsa dina tatakrama basa Sunda téh raket patalina jeung **catur tunggal watek** olah rasa jeung karsa nu ngawengku sikep daréhdéh, silihajénan, toléransi, ngutamakeun kapentingan umum, sarta luwes dina campur gaul jeung komunikasi di masarakat (Nugraha, 2017).

Dina mangsa révolusi industri 4.0, kalungguhan tatakrama basa Sunda karah beuki kaancam ku situasi nu sarwa modéren. Nurutkeun Sudaryat (2020), kasopanan basa katitén tina kosakecap nu digunakeun. Anapon kosakecap dina mangsa révolusi industri 4.0 umumna nétral, henteu mikawanoh kana kasopanan. Sobarna nétélakeun yén tatakrama basa Sunda minangka adat kasopanan dina komunikasi téh kudu tetep dijungjung lungguh pikeun némbongkeun cicirén karakter bangsa anu silihormat jeung silihargaan. Ieu karakter téh mangrupa warisan karuhun nu kudu dipertahankeun (Nugraha, 2017).

Patali jeung kalungguhan tatakrama basa Sunda dina mangsa révolusi industri 4.0, Sudaryat (2020) nyebutkeun yén aya tilu pasualan nu kapanggih, nyaéta (1) loba urang Sunda nu salah nalika ngagunakeun tatakrama basa; (2) munculna pasangan kecap anyar nu ngarempak kaédah basa Sunda baku; jeung (3) loba digunakeunna kecap-kecap kasar atawa *basa leuweung* dina komunikasi basa lisan.

Di sagédéngéun éta, Kulsum (2020) nétélakeun yén basa Sunda beuki dieu beuki saeutik nu maké kaasup tatakrama basana. Masarakat nganggap yén saukur bisa nyarita basa Sunda gé geus cukup, nu matak loba nu teu maliré kana tatakrama basa Sunda. Padahal dina tatakrama basa téh aya unsur sopan santun nu kacida pentingna.

Ayana tatakrama basa Sunda ogé nyababkeun sabagéan urang Sunda ngarasa hésé jeung sieun nalika nyarita maké basa Sunda. Sakumaha nu ditétélakeun ku Rosidi (2010) yén éta kasieun téh muncul lantaran lamun salah ngagunakeun tatakrama basa bakal diseungseurikeun atawa disebut jalma nu teu nyaho adab kasopanan. Antukna loba urang Sunda leuwih milih ngagunakeun basa séjén nu euweuh tingkatan basana.

Dina taun 1950-an, para ahli basa Sunda miboga kamandang pikeun ngadémokrasikeun basa Sunda. Hartina, istilah basa lemes jeung basa kasar dina sistem tatakrama basa Sunda téh kudu dileungitkeun. Sanajan kitu, tatakrama basa nu mangrupa warisan budaya téh kudu tetep dijaga minangka bukti hadé budina urang Sunda (Rosidi, 2010).

Pikeun maluruh kamampuh tatakrama basa di kalangan siswa, panalungtik ngalakukeun pra-panalungtikan ka siswa kelas VII A SMP Yastrib. Dumasar kana data pra-panalungtikan, kapaluruh tina 33 siswa nu diobsérvasi rata-rata pangaweruh kana tatakrama basa Sundana masih kénéh can nyumponan KKM.

Tatakrama basa Sunda téh kaasup aspék kabasaan dina rupa-rupa matéri di tingkat SMP/MTs. Dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP, pangajaran tatakrama basa Sunda aya dina matéri Téks Paguneman kelas VII, Téks Mandu Acara dina Situasi Formal jeung Nonformal, jeung Téks Biantara kelas IX.

Dina matéri paguneman, siswa kudu ngawasa tatakrama basa Sunda sangkan bisa ngabédakeun ragam basa nu dipaké pikeun nyarita ka kolot, ka sapantaran, jeung ka sahandapeun dina gunem catur sapopoé kalawan merenah. Kitu ogé matéri mandu acara jeung biantara, siswa kudu ngawasa tatakrama basa Sunda sangkan bisa ngabédakeun ragam basa nu dipaké pikeun mandu acara atawa biantara dina acara formal jeung nonformal. Larapna tatakrama basa Sunda boh dina paguneman boh dina biantara atawa mandu acara téh nuduhkeun yén urang Sunda masih kénéh miara warisan budaya nu ngandung ajén kasopanan. Pikeun siswa mah pangpangna bisa numuwuhkeun karakter nu hadé ti leuleutik.

Pikeun ngahontal éta udagan, guru kudu bisa narékahan satékah polah dina méré atikan nu éféktif di sakola. Tarékah sangkan prosés pangajaran éféktif bisa ku cara ngalarapkeun média pangajaran nu luyu tur ngarojong kana kagiatan diajar.

Aldi Mulyana Ramdan, 2022

*ÉFÉKTIVITAS MÉDIA PILEM ANIMASI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGAGUNAKEUN MÉDIA PILEM ANIMASI (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMPN 2 Dépok Taun Ajar 2022/2023)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sajalan jeung pamadegan Supriyono (2018), yén sacara psikologis média pangajaran ngagampangkeun siswa dina prosés diajar sabab bisa ngarobah hiji hal nu abstrak jadi leuwih kongkrét.

Média pangajaran jadi jalan pikeun mantuan nepina matéri pangajaran ka siswa kalawan leuwih éféktif ti batan guru nu ngajarna teu maké média (Nurrita, 2018). Kitu deui pikeun pangajaran tatakrama basa Sunda, guru bisa narékahan maké média nu ngarojong kana kahontalna udagan pangajaran. Salah sahiji média anu langka dipaké dina pangajaran tatakrama basa Sunda nyaéta média animasi dina wangun pilem.

Dumasar kana survéy awal nu dilakukeun ku panalungtik ka guru basa Sunda di Kota Bandung, rata-rata guru teu kungsi ngagunakeun média pilem animasi dina pangajaran tatakrama basa Sunda di sakola. Ku kituna, ieu média téh bisa jadi jalan anyar pikeun méré bongbolong ka siswa nu masih ngarasa hésé jeung bingung maham kana matéri tatakrama basa Sunda.

Salian ti karakteristik médiana anu ngirut, ieu média pilem animasi téh cocog ogé pikeun karakteristik siswa mangsa kiwari anu kaasup generasi milénial. Ieu generasi téh raket patalina jeung média digital, komputer, jsté. Saluyu jeung ciri-ciri generasi milénial nu diébréhkeun ku Sudaryat (2020) yén ieu generasi téh leuwih resep ngagunakeun téhnologi digital kaasup maca *screen* (maca dina layar komputer).

Tangtuna ieu kasaluyuan téh bisa jadi dadasar yén média pilem animasi minangka média digital bisa ngarojong kana éféktifna diajar tatakrama basa Sunda di sakola. Sakumaha nu diébréhkeun ogé ku Munadi (dina Agustina, 2015) yén média pilem animasi mangrupa média nu ngarojong pisan kana éféktivitas diajar. Éta hal dilantarankeun ku aktivitas niténan pilem animasi ku indra panénjo jeung pangdégé bakal leuwih gancang kacangkem ti batan ukur ku indra panénjo atawa pangdégé hungkul.

Panalungtikan ngeunaan média animasi téh lain panalungtikan nu kakara dilakukeun, réa panalungtik séjén nu kungsi ngalakukeun panalungtikan nu patali jeung média pilem animasi, di antarana: “*Analisis Pelafalan Bahasa Indonesia dalam Film Animasi Adit Sopo Jarwo sebagai Alternatif Pembuatan Media Pembelajaran Pidato bagi Siswa Kelas VI Sekolah Dasar*” (Saputri, 2017); “*Film*

*Animasi sebagai Media Pembelajaran Terpadu untuk Memacu Keaksaraan Multibahasa pada Siswa Sekolah Dasar*” (Fathurohman, Nurcahyo, jeung Rondli, 2015); jeung “*Pengaruh Penggunaan Media Film Animasi dan Pengetahuan Awal terhadap Keterampilan Menulis Narasi pada Pembelajaran Bahasa Indonesia Kelas V Sekolah Dasar*” (Prasrihamni, 2019).

Tina sababaraha panalungtikan di luhur, katitén yén média pilem animasi téh bisa ngaronjatkeun kana prosés diajar. Hanjakalna, anu patali jeung tatakrama basa Sunda mah can kungsi aya nu nalungtik. Ku kituna, perlu aya panalungtikan nu nyosok jero patali jeung pasualan nu karandapan dina ieu panalungtikan.

Lian ti éta, hal séjén nu patali jeung masalah tatakrama basa ogé geus réa nu nalungtik, di antarana: “*Membangun Karakter Bangsa melalui Penggunaan Tatakrama Bahasa Sunda yang Baik dan Benar*” (Nugraha, 2017); “*Éféktivitas Modél Snowball Throwing pikeun Ningkatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP Negeri 2 Cisarua Bandung Barat Taun Ajar 2013/2014)*” (Ramadhani, 2014); “*Média Pilem pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Maké Undak-Usuk Basa Sunda*” (Ramdansyah, 2014); “*Penguasaan Undak Usuk Bahasa Sunda untuk Meningkatkan Sopan Santun*” (Kulsum, 2020); jeung “*Métode Role Playing pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Yayasan Atikan Sunda Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*” (Antari, 2014).

Tina sababaraha panalungtikan di luhur, katitén yén tatakrama basa Sunda téh penting dina ngawangun karakter nu sopan. Sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh tatakrama basa Sunda nu hadé jeung bener, diperlukeun modél, métode, atawa média nu ngarojong kana kagiatan diajar.

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar, perlu ditalungtik ngeunaan pangajaran tatakrama basa Sunda ngagunakeun média pilem animasi minangka alternatif dina ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “*Éféktivitas Média Pilem Animasi pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMPN 2 Dépok taun ajaran 2022/2023)*” perlu dilaksanakeun.

Aldi Mulyana Ramdan, 2022

**ÉFÉKTIVITAS MÉDIA PILEM ANIMASI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGAGUNAKEUN MÉDIA PILEM ANIMASI (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMPN 2 Dépok Taun Ajar 2022/2023)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah anu kaidéntifikasi, di antarana:

- a. anggapan yén tatakrama basa Sunda téh hésé nepi ka urang Sunda leuwih milih ngagunakeun basa séjén nu teu ngandung tingkatan basa;
- b. siswa kurang merhatikeun pentingna tatakrama basa dina komunikasi;
- c. kamampuh siswa kana tatakrama basa Sunda masih kénéh héngkér; jeung
- d. média pilem animasi can kungsi ditalungtik pikeun pangajaran tatakrama basa Sunda.

Sangkan puguh ambahanana, masalah nu kaidéntifikasi di luhur satuluyna dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh tatakrama basa Sunda siswa saméméh jeung sabada di kelas nu ngagunakeun média pilem animasi?
- b. Kumaha kamampuh tatakrama basa Sunda siswa saméméh jeung sabada di kelas nu teu ngagunakeun média pilem animasi?
- c. Aspék-Aspék naon waé nu ngaronjat dina pangajaran tatakrama basa Sunda di kelas nu ngagunakeun jeung nu teu ngagunakeun média pilem animasi?
- d. Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 2 Dépok nu ngagunakeun jeung nu teu ngagunakeun média pilem animasi?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung nu geus dipedar dina rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan, nyaéta tujuan umum jeung husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis, jeung nguji média pilem animasi dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VII SMPN 2 Dépok taun ajaran 2022/2023 sangkan bisa ngagunakeun tatakrama basa Sunda nu hadé jeung bener.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- a. ngadéskripsikeun kamampuh tatakrama basa Sunda siswa saméméh jeung sabada di kelas nu ngagunakeun média pilem animasi;
- b. ngadéskripsikeun kamampuh tatakrama basa Sunda siswa saméméh jeung sabada di kelas nu teu ngagunakeun média pilem animasi;
- c. ngadéskripsikeun aspék-aspék anu ngaronjat dina pangajaran tatakrama basa Sunda siswa di kelas VII SMPN 2 Dépok nu ngagunakeun jeung teu ngagunakeun média pilem animasi; jeung
- d. ngadéskripsikeun bédana antara kamampuh tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 2 Dépok nu ngagunakeun jeung nu teu ngagunakeun média pilem animasi.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dumasar tujuan di luhur, ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis jeung praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan média pangajaran anu cocog tur éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh tatakrama basa Sunda, hususna ka siswa kelas VII SMPN 2 Dépok taun ajaran 2022/2023.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Mangpaat pikeun Siswa

Siswa dipiharep bisa leuwih kairut jeung aktip dina pangajaran tatakrama basa Sunda. Sajaba ti éta, siswa bisa leuwih maham jeung ngarasa babari diajar tatakrama basa Sunda. Ku kituna, siswa bisa leuwih babari kana ngahontal tujuan pangajaran.

b. Manfaat pikeun Guru

Guru bisa ngamangpaatkeun média pilem animasi pikeun pangajaran tatakrama basa Sunda sangkan bisa ngahudang karep diajar siswa tur mantuan guru dina nepikeun matéri kalawan leuwih gampang.

c. Manfaat pikeun Lembaga

Ieu panalungtikan bisa mekarkeun média pangajaran tatakrama basa Sunda di sakola.

d. Manfaat pikeun Panalungtik

Panalungtik meunang pangaweruh ngeunaan média pangajaran nu hadé pikeun dilarapkeun dina pangajaran tatakrama basa Sunda di sakola. Salian ti éta, ogé bisa ngahudang karep pikeun nyiptakeun deui média pangajaran nu leuwih hadé jeung cocog.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab kalawan sistematis. Bab I eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II eusina ngawengku ulikan tiori ngeunaan media pangajaran, pilem animasi, tatakrama basa Sunda, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtikan, raraga mikir, sarta anggapan dasar jeung hipotésis.

Bab III eusina ngawengku métode panalungtikan, désain panalungtikan, lokasi jeung subjék panalungtikan, wangenan operasional, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik ngolah data.

Bab IV eusina ngawengku déskripsi hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab dipedar data panalungtikan tuluy dianalisis. Ku kituna, dina ieu bab bakal katitén hasil henteuna panalungtikan.

Bab V eusina ngawengku kacindekan, implikasi panalungtikan, jeung rékoméndasi ti panalungtik pikeun nu maca atawa panalungtik satuluyna.